*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№117 (26569)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 4 июль — сусæны мæйы 4 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПАРЛАМЕНТÆЙ
*Депутатты кусæг балц – Кировы районмæ*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*«Æнцойбон»*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Ахуырад**

# Бæрзонд æнтыстытæ

**Фесты рауагъдонты фæлварæнтæ. Нæ республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр куыд радзырдта, афтæмæй ацы аз Иумæйаг фæлварæн Цæгат Ирыстоны скъоладзаутæ раттой æнтыстджынæй, бæрзонд бæрæггæнæнтимæ. Астæуккаг скъола каст чи фæцис, уыцы чызджытæ æмæ лæппуты ‘хсæн ис, сыгъзæрин майданыл чи фæци, ахæмтæ дæр. Сты 43 скъолайы ахуырдзаутæ, æдæппæт – 268 адæймаджы.**

æй хъæуы, ахуыры æнтыстдзинæдтæ алкæй къухы нæ бафтыдысты, фæлæ йæ тых æмæ зондæй чи архайдта, уыцы сывæллæттæн та бæрзонд бæрæггæнæнтыл фæуын бантыст. Æрмæст уый нырма уæ царды фыццаг æмæ нæдтæ кæй фæрцы райстат, уыцы ахуыргæнджытæн, бузныг уæ ныййарджытæн дæр. Мæ зæрдæ уын зæгъы, фидæны нæ чысыл Ирыстон æмæ егъау бæстæ сымахæй сæрыстыр куыд уой, ныфсджынæй цæут уæ рав-



Цалдæр боны размæ, Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион театры РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло кадджын уавæры ратта, «За особые успехи в учении»-йы фыццаг къæпхæны аттестаттæ æмæ сыгъзæрин майдантæ рауагъдонтæн. Нæ республикæйы Сæргълæууæг зæрдæбын арфæтæ ракодта æрыгон фæлтæрæн, сæ ныййарджытæ æмæ ахуыргæнджытæн.

– Абон вазыгджын æмæ рæсугъд бæрæгбон канд медалисттæн нæу, фæлæ æппæт скъолаты рауагъдонтæн дæр. Кæй зæгъын цыбыр æнтыстдзинад у. Разæй уæм кæсы уæ сæйрагдæр – амонд æмæ профессионализмы фæндаг, æмæ уæ йæ алчидæр бæстон ыл хъуыды кæнгæйæ равзарæд. Уæлдай бузныджы ныхæстæ зæгъын, бæрзонд æнтыстытæм уæ чи хуыдта, ахуыры бирæ зонындзизæрст фæндæгтыл, – загъта Сергей Меняйло.

Сæдæгай баллтæ цалдæр предметæй чи райста, ахæм рауагъдонтæ æртæ сты: **Черчесты Алыксандр, Гусалты Валерия** æмæ **Амина Омарова.**

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Æнахъомты хъуыддæгтæ**

# Зонд амонын, куыст ссарын æмæ æдасдзинад

**Æнахъомты хъуыддæгты тыххæй ведомствæты ‘хсæн къамисы æмбырдмæ рахастæуыд зонд амоныны, куыст рæстæгмæ ссарын æмæ сывæллæтты æдасдзинады фарстатæ. Амыдта йæ къамисы хицауы хæдивæг, фæллой æмæ социалон рæзты министр АБАЙТЫ Юри.**

Æнахъомты æнæ цæстдардæй ныууадзынæн кæрон скæнынмæ, барадхæлдтытæ не ‘руадзынмæ аздæхтой уæлдай æргом. Куыд райхъуыст, афтæмæй тæссаг къордтæй сывæллæтты фæцалх кæнын хъæуы спортмæ, бархион змæлдмæ, рæстæгмæ сын куысты бынæттæ дæттын. Уыцы фарстатæ бынат ссардтой регионалон Спорты, Ахуырады, Мидхъуыддæгты министрадтæ, Фæсивæды хъуыддæгты комитет, «Фыццæгты змæлд» æмæ Сывæллæтты уæрæсейаг фонды минæвæртты ранылхæсты.

Уымæй дарддæр рæгъмæ рахастой ахуырадон куыстуæтты æдасдзинады фарстатæ, сывæллæттимæ кусынæн бар дæттын æмæ 2036 азмæ æнæцæстдардддзинадмæ хъус дарыны федералон программæ царды уадзыны нысантæ. Фæллой æмæ социалон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Маматы Анджелæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй кусынц сæ бартæй цухгонд кæнæ сæ кæцыдæр хайæ цухгонд ныййарджытимæ. Сæ размæ æвæрынц сывæллæтты ныййарджыты ‘хсæн ахастдзинæдтæ, бастдзинæдтæ фæфидардæр кæныны хæстæ, кæд нывылгонд æрцæуынц, уæд сын сæ бартæ сæ къухы бакæнынц.

Ахадгæдæр фæрæзыл ацы ран нымад æрцыд зонд амоныны хъуыддаг. Рæгъмæ цы фарстатæ рахастой, уыдонæй сæ алкæмæн дæр рахастой æмбæлгæ уынаффæтæ.

**Фæллой æмæ социалон рæзты министрады пресс-службæ**

**Социалон фондæй**

# Бинонты фиддон

**Ивгъуыд мæй чысыл хъуагæй 9 мин цæгатирыстойнаг ныййарæджы райстой бинонты фиддонтæ. Ацы хъуыддагæн Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад барвыста 205 милуан сомæй фылдæр. 1 июны чи райдыдта, курдиæттæ исыны уыцы хъуыддаг ахæсдзæн 1 октябры онг.**

Ныййарджытæ кæй райсынц, уыцы фиддонты бæрц аразгæ у, физикон иуæгты æфтиагæй хъалон кæмæй банымайынц, уыцы æфтиаджы бæрцæй. Æртындæс, кæнæ уымæй фылдæр проценты бæрц хуымæтæджы ставкæмæ гæсгæ кæй бауромынц, уыцы хъалон ногæй банымайынц 6 проценты бæрц льготон ставкæмæ гæсгæ. Райдиан æмæ кæронбæттæн бæрцы æхсæн хъауджыдзинад ныййарæгæн раттынц иурæстæгон фиддоны хуызы.

– Адæймагмæ ис курдиат портал «Госуслуги»-йы, Социалон фонды хайады клиентон службæтæ æмæ бирæкъабазджын центры фæрцы барвитыны бар. Документтæ саразынæн арæхдæр бахъæуы æрмæст курдиат, иннæ бæрæггæнæнтæ та бацагурынц ведомствæты æмгуыстады фæткмæ гæсгæ. Иу кæнæ иннæ информаци паддзахадон информацион системæты æвдыст куы нæ вæййы, уæд адæймаджы хæс у уæлæмхасæн бæрæггæнæнтæ коммæ уагæй бавдисын, – зæгъы УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан.**

Фарон физикон иуæгты æфтиæгтæн æвæрд хъалон чи фыста, 18 азæй кæстæр æппынкъаддæр дыууæ сывæллонимæ (сывæллæттæ кæд бонæй ахуыр кæнынц, уæд та – 23 азæй кæстæр) алы кусæг ныййарæгмæ (сывæллæтты хъомыл кæнынмæ райсæг адæймагмæ, æвджидгæнæгмæ) ис фиддонæн документтæ саразыны бар. Фиддонæн документтæ аразæг, курдиат барвитæг адæймæгтæ æмæ сывæллæттæ хъуамæ уый нæ бæстæйы иудадзыг цæрæг Уæрæсейы граждæнтæ, ныййарджытæ хъуамæ официалон уагæй кусой æмæ фарон физикон иуæгты æфтиæгтæн æвæрд хъалон хъуамæ бафыстаиккой. Уыимæ бинойнаджы рæстæмбис æфтиаджы бæрц фарон регионы фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзтæй (Цæгат Ирыстоны – 23940 сомы) 1,5 хаттæй фылдæр хъуамæ ма уа.

Архайæг фæткмæ гæсгæ, дыууæ кусæг ныййарæгмæ дæр ис бинонты фиддонæн документтæ саразыны бар. Ныййарджытæ кæд фæхицæн сты, уæд ацы æууæл разыйы дзуапп нæ раттынæн æфсоныл нымад нæ уыдзæн. Алиментттæй хæстæ нæй, зæгъгæ, ахæм æууæл ацы уавæры нымад уыдзæн æнæмæнг баххæстгæнинагыл. Алиментттæй хæс кæмæ ис, ахæм адæймагæн бинонты фиддон нæ бафиддзысты.

17 азæй кæстæр сывæллæттæн æмæ æнхъæлцау сылгоймæгтæн иумæйаг пособиимæ куыд у, афтæ бинонты фиддоны фæдыл бар сбæлвырд кæныны заман дæр нымайынц бинонты финансон æмæ исбоны уавæр.

Æххуысы ацы мадзалæй спайда кæнынц афæдзы дæргъы иу хатт, адæймаджы хæс у æххуысы ацы мадзалы фæдыл бар æрвылаз бавдисын.

Фарстытæ уæм кæд баззадысты, уæд уæм ис **8-800-100-00-01** телефонæй Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт центрмæ лæвар фæдзурыны бар (УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – **9.00 сахатæй 18.00 сахаты онг, майрæмбоны та 9.00 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты** онг).

Ног хабæрттæ æппæтæй раздæр цæмæй базонат, уый тыххæй уæхи ныффыссут УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады каналы мессенджер Максы: **https://max.ru/id1504029836 gos.**

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

**Æмбырд**

# Быронимæ куыст – ног æмвæзадыл



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд æмбырд цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады фарстаты фæдыл.**

Боны фæткы уыдис хъæбæр коммуналон æппарæнтимæ сæвзæрд уавæр: æфснайын æмæ бырон ласын кæуыл фæдзæхст у, уыдон сæ контракттæ ныртæккæ куыд æххæст кæнынц, контейнерты фæзтæ цавæр уавæры сты æмæ уыцы куыстуæттæ хъæугæ техникон фæрæзтæй куыд ифтонггонд сты, уый.

Сергей Меняйло бахæс кодта комплексон æгъдауæй æркæсын, æфснайын æмæ бырон ласыны куыст чи кæны, уыцы организациты архайдмæ, сбæлвырд кæнын, сæхимæ райст хæстæ æххæст кæнынæн сæрмагонд техникон фæрæзтæ, кадртæ æмæ куысты гæнæнтæй куыд ифтонг сты, уый

Æмбырды архайджытæ æркастысты районты æхца фидины фарстамæ дæр. Муниципалон скондты сæрдартæн хæсгонд æрцыд æппæт мадзæлттæ саразын хъæбæр коммуналон æппарæнтæ ласыны хæстæ бафидын.

Иннæ радон æмбырдмæ муниципалитеттæ хъуамæ бацæттæ кæной бæрæггæнæнтæ, цы контейнертæ балхæдтой æмæ сæ сæвæрынмæ цал фæзы сарæзтой, стæй ма сæ уæлæмхасæн цал балхæнын хъæуы, уый тыххæй. Уыцы куысты руаджы сбæрæг уыдзæн, кæм сævæрын хъæуы уыцы уæлæмхасæн контейнертæ, цæмæй цæрджытæн сæ бырон æмбырд кæныны системæ фæрогдæр уа.

Æмбырды архайджытæ ма æрныхас кодтой хъæбæр коммуналон æппарæнтимæ кусæн ныркккон комплекс саразыныл дæр. Пъланмæ гæсгæ, бырон хицæнгæнæн (сортировочный) комплекс хъуамæ кусын райдайа ацы аз. Уый республикæйы быронимæ куыст ног æмвæзадмæ сисдзæн, фæфылдæр уыдзæн хицæнгонд быроны куысты (переработка) бæрц, æмæ уымæй фæхуыздæр уыдзæн экологион уавæр.

– Хъæбæр коммуналон æппарæнтимæ куыст хъуамæ цæуа иудадзыг, æнæкъуыхцытæй. Æмбарын хъæуы, чи æмæ цæуыл дзуапп дæтты, контракттæ куыд æххæстгонд цæуынц, техникæ æмæ сæм кусджытæ фаг ис, æмæ ма сæ цавæр фарстатæ тыхсын кæнынц, уыдæттæ, – загъта Сергей Меняйло.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Адæмон газет**

# Рафыссæм «Рæстдзинад»!




***ФИППАИНАГ!***

***Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссыны рæстæг адарддæр кодтой 15 июльмæ.***

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы дыккаг æмбисæн газет «Рæстдзинад»-ы рафыссыны аргъ у 1717 сомы æмæ 16 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1396 сомы æмæ 56 капеччы.**

**Газеты индекс: 53901.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйдæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

## Дзырды фарн

*Цæры æмæ цæрдзæнис*
*националон бæллиц.*

*БЕДЖЫЗАТЫ Чермен*

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **4 июлы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-29 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,16 | Хурыскаст — 04,28<br>Хурныгуылд — 19,45 | Валютæйы аргъ | Доллар — 75,63<br>Евро — 85,77 | 12 + |

Парламентæй

# Депутатты кусæг балц – Кировы районмæ



**Парламенты Советы уæнгтæ, цæугæ æмбырдтæ аразыны ‘гъдау дарддæр æххæстгæнгæйæ, ацы хатт ацыдысты Кировы районмæ.**



Æмбырд амыдта Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз** æмæ, йæ разныхасы куыд загъта, афтæмæй Кировы район нымад у дæнцæгæн хæссинаг раззагдæр муниципалон скондыл, йæ хæстон æмæ фæллойадон æнтыстытæй хъуыстгонд чи у, ахæмыл.

Районы социалон-экономикон уавæримæ, ивгъуыд аз цавæр бæрæггæнæнтимæ ахицæн кодтой, стæй, ацы аз сæ размæ цы нысантæ æвæрд ис, уый фæдыл ныхас кодта районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Батиаты Хъазыбег**. Уый бæстон æрдзырдта, экономикæ, хъæууон хæдзарад, ахуырад, културæ, спорт æмæ царды иннæ къабæзты дæр районæн цы бантыст, стæй сæм, цавæр лыггæнинаг фарстатæ ис, уыдоныл.

Советы æмбырды фæстæ Тускъаты Таймураз фембæлд районы хъæуунхæдзарадон кусджытимæ. Æмбырды архайдтой: Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимур**, Парламенты аграрон æмæ зæххы политикæйы, экологи æмæ æрдзон фæрæзты комитеты сæрдар **Качараты Олег**, стæй районы разамонджытæ – **Нæкуысаты Барис** æмæ Батиаты Хъазыбег. Район æнтыстджын кæй у, ууыл дзурæг сты бæрæггæнæнтæ дæр. Афтæ, ивгъуыд аз районы агропромышленнон комплексы иумæйаг продукт 3,9 миллиард сомæй фæфылдæр. Къабазы фæллой кæнынц 93 куыстуаты, зæхх хаццоны чи райста æмæ йыл чи кусы, 199 ахæм зæхкусæг æмæ 6,6 мин хи хæдзарады. Районы хус рæстæджытæ дзæвгар кæд ахæссынц æмæ æрдзы уавæрты аххосæй хоры культуртæ æмæ халсарты тыллæг кæд фæкъаддæр, уæддæр районы хъæууонхæдзарадон кусджытæн сæ архайд у æнтыстджын.

Фæззыгæндтæ цы фæзуатыл байтыдтой, уыл бафтыд æртæ проценты, æмæ ныр сты 5 762 гектары. Фæфылдæр цæхæрадæтты фæзуат дæр æмæ ссис 1 531,2 гектары.

Фосдарынады къабазы кой куы кæнæм, уæд иуæй-иу куыстуæттæ финансон æгъдауæй зындзинæдтæ кæй æвзæрстой, уый аххосæй, стурвос æмæ фысты сæр нымæцæй фæкъаддæр сты. Фæлæ уæддæр бæрæггæнæнтæ сты зæрдæмæдзæугæ. Хъæууонхæдзарадон продуктты куыстад рауад ахæм: дзидза – 719,5 тонны, æхсыр – 1 316 тонны.

Балеркæсаг дарыны куыстады раззагдæртæ сты хъæууонхæдзарадон куыстадон кооператив «Тамерлан», æнæххæст бæрнондзинады æхсæнæдтæ «Остров Аквакультура» æмæ «Радужная форель». Ивгъуыд аз сæ бакуыст рауад кæсаджы 217,1 тонны. Æнтыстытæн сæ рахæцæн – паддзахадон æххуыс. Афтæ, субсидиты хуызы район ивгъуыд аз райста 127 милуан сомы, проект «Агростартап»-ы фæлгæты та – 12,5 милуан сомы гранттæ.

Йæ фæлтæрддзинадимæ æмбырды архайджыты базонгæ кодтой хъæууонхæдзарадон куыстадон кооператив «Де Густо»-йы сæрдар **Дзиццойты Римæ** æмæ, йе ‘нтыстытæй хъуыстгонд чи у, уыцы зæхкусæг-фермерон хæдзарады разамонæг, Змейкæйы спортивон скъолайы директор **Бæдтиаты Алан**.

Парламенты Сæрдар йе ‘ргом аздæхта хъæууонхæдзарадон къабазæн дæсны кусджытæ цæттæ кæныны фарстамæ, стæй наукæ æмæ практикон куыст кæрæдзимæ фæхæстæгдæр кæнын æмæ æрыгæтты ‘хсæн профориентацион куыст фæахадгæдæр кæныны хъуыддагмæ. Уый тыххæй та, йæ хъуыдымæ гæсгæ, æрыгæтты гыццылæй фæстæмæ хъæуы фæллойыл ахуыр кæнын. Ныхас цы фарстатыл цыд, уыдон алыг кæныны тыххæй уынаффæтæ бацæттæ кæнын Тускъаты Таймураз бабар кодта Парламенты профилон комитеты сæрдар Качараты Олегæн.

Кировы районы хъæууонхæдзарадон кусджытæ æмæ амалхъомтимæ фембæлды кæрон Тускъаты Таймураз РЦИ-Аланийы Парламенты Кады гæххæттæй схорзæхджын кодта **Хъаныхъуаты Владимиры**, бирæ азты дæргъы агропромышленнон къабазы æнæзæрдæхудт, æнтыстджын æмæ зæрдиаг фæллой кæй кæны, уый тыххæй.

Кировы районмæ йæ кусæг балцы рæстæг Тускъаты Таймураз, йемæ ма Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ** æмæ Кировы районы центрон рынчындоны сæйраг дохтыр **Айдарты Аслан**, афтæмæй бабæрæг кодта районы поликлиникæ. 2023 азы уый цалцæггонд æрцыд национ проект «Æнæниздзинад хъахъхъæнынад»-ы фæлгæты фыццаградон медико-санитарон æххуыс рацаразыны нысанты. Кусæндон æххæст у ныртккон медицинон ифтонггæрзтæй. Бынæттон цæрджыты диспансеризацийæн ацы ран арæзт æрцыд æппæт уавæртæ дæр. Уый фæрцы низтæн ис, райдайæны ма куы вæййынц, уæд сæ раиртасыны гæнæн.

Парламенты Сæрдар бафиппайдта медицинон кусджыты дæсныдзинад æмæ аныхас кодта, «Хъæууон дохтыр», зæгъгæ, ацы программæйæ спайдагæнгæйæ, районмæ цæрын æмæ кусынмæ чи ‘рцыд, уыцы æрыгон дохтыримæ. Тускъаты Таймуразы ныхасмæ гæсгæ, уый у ирд цæвиттон, æрыгон дохтыртæн æххуысы паддзахадон мадзæлттæ ахъаз кæй сты, уымæн.

Уыцы бон ма Парламенты Сæрдар бабæрæг кодта Елхоты рæвдауæндон. Уый у дыууæуæладзыгон ныртккон бæстыхай, сывæллæттæн дзы ис 120 бынаты. Рæвдауæндон арæзт æрцыд 2017 азы федералон программæйы фæрцы. Сывæллæтты рæзт æмæ хъомыладæн дзы ис æппæт ныртккон гæнæнтæ. Хъомылгæнджытæ стыр æргом здахынц сабитæн мадæлон æвзаг амонынмæ. Уыцы нысанимæ пайда кæнынц, Ахуыргæнджыты дæсныдзинад бæрзонддæр кæныны Цæгат Ирыстоны институт кæй бацæттæ кодта, уыцы раззагдæр ахуырадон мадзæлттæй. Ис сæм полилингвалон къордтæ.

Кировы районмæ йæ кусæг балцæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Тускъаты Таймураз стыр аргъ скодта районы социалон-экономикон рæзтæн æмæ загъта:

– Нæ хæс у, экономикон бæрæггæнæнтæн аккаг аргъ скæнгæйæ æмæ бынæттон амалхъом адæймæгтимæ лæгæйлæгмæ фембæлгæйæ, бакусын æххуысы ног мадзæлттыл. Уымæ гæсгæ хъæууонхæдзарадон кусджытимæ фембæлды рæстæг æрдзырдтам æххуысы уыцы ног гæнæнтыл, байхъуыстам сæ фæндæттæм, æмæ нæ ныхасы бындурыл æппæт уыцы хъæппæристæ хаст æрцæудзысты Кировы районы социалон-экономикон рæзты кæронбæттæны документмæ.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

## *Зынаргъ æмбæлттæ, профцæдисон змæлды каджджын кусджытæ, активисттæ æмæ ветерантæ!*



***5 июлы – Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы профцæдисон змæлды сæвзæрды боны фæдыл уын Културæйы кусджыты æппæтуæрæсеон профцæдисы цæгатирыстойнаг республикон организацийы номæй зæрдиаг арфæ кæнын!***

***Райдиан профцæдисон организацийы сæрдар уæвын вазыгджын æмæ бæрнон хъуыддаг у. Нæ разамонджытæ сты сæ коллективты фæрныгады сæраппонд лæвар кусæг зæрдæхæлар, æнæхин, ныфсхаст адæймæгтæ, дæсны разамонджытæ.***

***Хи коллективы интересты сæрвæлтау рæстæг æмæ хъарутыл чи нæ ауæрды, стæй, иумæйаг хъуыддагыл æнувыд чи у, алы уыцы активистæн дæр – стыр бузныг!***

***Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, ныфс, профессион архайды стыр æнтыстдзинæдтæ, сабырдзинад, хæлардзинад æмæ фæрныгад!***

***Уадз æмæ алы бон дæр хорз хъуыддæгтæ æмæ ног æнтыстдзинæдтæй фидауа!***

*Кад уын кæнгæйæ,*
*ГОДЖИАТЫ Еленæ,*
*Културæйы кусджыты æппæтуæрæсеон профцæдисы цæгатирыстойнаг республикон организацийы сæрдар*

Федерацийы Советæй

# Сахъат сывæллæттæн æххуыс кæнынæн

**Цæгат Ирыстонæй сенатор Виталий НАЗАРЕНКО архайдта Федерацийы Советы Сахъат адæмы хъуыддæгты фæдыл советы æмбырды.**



Фембæлды архайæг парламентаритæ, профилон ведомствæты минæвæрттæ æмæ эксперттæ се ’ргом аздæхтой æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ сывæллæтты дзæбæхкæнынады ахадгæдæр мадзæлттæм.

Фæстаг рæстæг Уæрæсейы æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ сывæллæттæн æххуысы фæрæзтæ фæфылдæр сты. Фарон 1 мартъийы архайын чи райдыдта, «Комплексон реабилитацийы тыххæй» уыцы федералон закъон ахъаз кæны сахъат сывæллæттæн æххуысы фидар нормативон-барадон бындур арæзынæн. Сывæллæттæ æмæ сæ бинонтæн рагацау æххуысы фæдыл лæггад кæныны фыццаг стандарт кæй сфидар кодтой, уый фæрцы ис сабийæн царды фыццаг азтæй фæстæмæ афоныл дæсны æххуыс кæныны фадат.

Дард æмгъуыдмæ арæзт программæ æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ, 2028 азы онг баххæст кæнынмæ хъавынц сахъат сывæллæтты комплексон дзæбæхкæнынады фæлварæн проект. Ацы аз амынд проекты кæд 22 уæрæсейаг регионы архайынц, уæд иннæ аз проекты архайæг субъектты нымæц схæццæ уыдзæн æртын астмæ.

Регионтæ комплексон дзæбæхкæнынады системæ арæзыны хъуыддаджы парахатæй кæй архайынц, уый æнтыстдзинæдтæн фæахъаз уыдзæн. Сывæллæтты сфæлдыстадон гæнæнтæ раргом кæнынмæ æмæ сын сæ ахуырадæн ахъаз кæнынмæ арæзт чи у, Сахъат адæмы æппæтуæрæсеон организациты хайæдтæ ахæм дзыллон мадзæлттæ арæзынц.

Сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæныны заман хъыгдард чи баййæфта, æмбырды архайджытæ уæлдай фылдæр æргом аздæхтой уыцы сывæллæтты комплексон дзæбæхкæнынады фарстатæм. Æппæтвæрсыг æххуысæн ахъаз чи кæны, ацы сывæллæтты дзæбæх кæныны рæстæг специалисттæ пайда кæнынц ахæм ныртккон мадзæлттæй.

– Æхсæнад сахъат сывæллæттæм кæй дары, уыцы зæрдæйы уаг хорзырдæм ивы. Ацы сывæллæттæ æхсæнады царды архайынц. Нæ сæйраг хæс у фæкæсинаг сывæллæтты дзæбæх кæнын, сывæллæттæ æхсæнадыл цæмæй сахуыр уой, уымæн ахъаз кæнын, стæй сæ бинонтæн æххуыс кæнын. Ахæм уагæй архайгæйæ, не ’хсæнады райрæзтæн ахъаз кæндзыстæм, – загъта Виталий Назаренко.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ**

Ахуырад

# Дипломон спектакль

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты аивæдты факультеты актерон хайады студенттæ Ирон театры сценæйыл дипломон куыстæн равдыстой зындгонд уырыссаг фыссæг Лев Толстойы пьесæ «Власть тьмы»-мæ гæсгæ æвæрд спектакль.**





Ацы аз амынд факультет нæ республикæйы национ театрæн бацæттæ кодта авд профессион актеры. Адæймаг кæй сарæзта, уыцы ‘нæрхъуыды ми цалдæр уæззау фыдракæнды куыд расайы, амынд уацмысы ныхас уыул цæуы.

Аивæдты факультет раздæр кастфæуæвæг актертæ дæр кæм архайдтой, уыцы спектаклы режиссер-æвæрæг уыд театралон аивады кафедрæйы доцент **Цæгæраты Руслан.**

Цæгæрайы-фыртæй фæстæмæ аттестацион къамисы уæнгтæ уыдысты: Ирон театры аивадон разамонæг, нæ республикæйы сгуыхт артист **Уалыты Гиви** (къамисы сæрдар), Театралон архайджыты цæдисы сæрдар, УФ-йы сгуыхт артист **Гуыбиаты Хъазыбег**, ЦИПУ-йы аивæдты факультеты декан **Атайты Мæдинæ** æмæ театралон аивады кафедрæйы разамонæг, Цæгат Ирыстоны адæмон артист **Æлбегаты Алан.**

Спектакль фенынмæ чи ‘рбацыд, уыдоны ‘хсæн уыд æхсæнадон архайæг æмæ меценат **Хæдарцаты Махарбег**. Ацы адæймаджы финансон æххуысæй амынд факультет Ирон театрæн артистты бацæттæ кæнынæн дыууæ хатты студентты ахуыр кæнынмæ райста.

– Арфæйаг хъуыддаг аразæм. Аивæдты факультет каст чи фæци, уыцы фæсивæды æнтыстдзинæдтыл фидæны кæй цин кæндзыстæм, ууыл зæрдæ дарын. Сценæйы æрыгон актертæ сæ профессион курдиат раргом кæндзысты. Дзæгъæлы кæй нæ фыдæбон кодтам, уый бæлвырдæй зонын. Ирон театры райрæзтыл фæрæзтæ æмбæлгæ уагæй кæй бахардз кодтам, уый фидæны рабæрæг уыдзæн, – загъта Хæдарцы-фырт.

Фæсивæдон политикæ æмæ административон куысты фæдыл ЦИПУ-йы проректор **Кокайты Алан** дæр аивæдты факультет кастфæуæвæг фæсивæдæн арфæ ракодта.

– Аивæдты факультет каст чи фæци, уыцы лæппутæ æмæ чызджытæ Ирон театры актерты номхыгъдмæ хаст кæй æрцыдысты, уый мын æхсызгон у. Ацы хъуыддаг саразын баххуысгæнджытæ Хæдарцаты Махарбег, Æлбегаты Алан, Атайты Мæдинæ æмæ театры аивадон разамонæг Уалыты Гивийæн – бузныг. Парахат проект фондз азы дæргъы æххæст кодтам, – загъта Кокайы-фырт.

Ацы аз ЦИПУ-йы аивæдты факультет каст чи фæци, Ирон театр уыцы лæппутæ æмæ чызджыты кусынмæ райста дыккаг хатт.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**




Ахудынæн

# Гуырæнбон

*Нæ царды фæстаг азты фæзынд бирæ алыхуызон бæрæгбæттæ, ног «æгъдæуттæ», æмæ, кæд ирон адæмы культурæ, традицитæм ницы бар дарынц, уæддæр сæ бæрæг кæнæм. Бæрæгбæттæ куыд фылдæр уа, афтæ, дам, хуыздæр у, æмæ День Святого Валентина, Хэллоуин æмæ ма бирæ цыдæртæ æрфидар сты нæ царды. Уый хыгъд нæхи бæрæгбæттæ рох кæнæм, не 'взагыл та, куыд сбæрæг, афтæмæй сæ хъуыдытæ зæгъын базондзысты, горæтты чи цæры, уыцы сабиты нымæцæй æрмæстдæр 25%, уыдон дæр, æрæджы хъæутæй чи слыгъд, ахæмтæ.*

*Уæдæ рæвдауæндæттæ æмæ скъолаты дæр ныффидар фæтк – сабийæн йæ гуырæнбон æрхæццæ, зæгъгæ, уæд хъуамæ йæ ныййарджытæ саразой адджын фынг – торт, къафеттæ, адджинæгтæ, дыргътæ. Чи зоны, уым æвзæрæй ницы ис, фæлæ фынгтæ дæр алыхуызон вæййынц – ныййарджытæн сæ дзыпп куыд фæамоны, афтæ. Алцыдæр ахуырæй у, фæзæгъынц, æмæ уын мæнæ дæнцæг. Ралæууыд цытджын Къостайы гуырæнбон. Рæвдауæндæттæ æмæ скъолаты поэты кадæн арæзт æрцыдысты алыхуызон мадзæлттæ. Рæвдауæндæттæй иу бабæрæг кодтам. Сабиты хорз бацæттæ кодтой, æнæкъуыхцытæй дзырдтой сывæллæттæн фыст æмдзæвгæтæ, азарыдысты, кафгæ дæр акодтой, равдыстой инсценировкæ. Кæронбæттæны сæм ирон æвзаджы ахуыргæнæг æрмæг ныффидар кæныны тыххæй фарстатæ ратта, уæдæ, дам, ма иу хатт зæгъут, чи уыд Къоста? Сабитæ ныххор-хор кодтой:*

*– Поэт, нывгæнæг!..*

*– Уæдæ ма зæгъут, абон та цы бон у? – афарста та сæ ахуыргæнæг.*

*– Къостайы гуырæнбон, – иумæ та сдзырдтой хъомылгæнинæгтæ. Кæстæр къорды сывæллæттæй иу гыццыл чызг размæ ракъахдзæф кодта æмæ ахуыргæнæджы фæрсы:*

*– Æмæ Къоста торт не 'рбахæсдзæн?*



# Хъæд – Сæудженмæ!

***Лæппутæ, дам, æнæ устытæй бадынц, зæронд кæнынц, цот нæ рауадзынц, афтæмæй ирон адæмы нымæц къаддæр кæны. Æмæ, дам, куыдæй ракурой, кæд æмæ сын куыст нæй, нæй сæм æхцайы фæрæзтæ, цæмæй чындзæхсæв саразой, – ахæм ныхæстæ арæх фехъусæн вæййы.***

***Уый хыгъд нæ абадгæ лæппутæ уайтагъд сæхи хуызæттæ райарынц, ссарынц, кæимæ бануазой, ахæм цæдисон æмбæлттæ дæр. Æмæ сæ цард бæрæгбон фесты, се стырдæр мæт свæййы – кæм абадон, кæимæ æмæ афтæ дарддæр. Уыцы ацæргæ усгуртæй нæ хъæуы дæр гыццыл нæй. Чындзæхсæв, æнæкæрон хистытæ (адæм ныры дуджы бынтон зæххыл бафтыдысты), гуырæнбонтæ, кæхц, авдæнбæттæн... Куы агурай, уæд, æнæмæнг, ссардзынæ, цæуыл бакувай, ахæм хъуыддаг. Æмæ дын Хуыцау ахæм хорз ракæна!***

***Дзæнæтон бынаты цæрæм – иуæй æрдхæрæны Урсдоны былыл, иннæрдыгæй – хъæдрæбын. Куы 'рбауалдзæг вæййы, уæд донибыл бадынц, хур сæ æгæр куы фæтавы, уæд та сæхи хъæдмæ сатæгмæ айсынц. Ноджы ма ныр та ахæм «модæ» фæзынд, æмæ хистæй дæр, циндзинадæй дæр хæссынц сау дзæкъул, дæлæ, дам, лæппутæн хай. Афтæмæй сæм ус ракурыны хъуыды дæр куыд æрцæуа?***

***Сæудженæн дæр гыццыл къæбæрлымæнтæ нæй хъæубæсты. Тынг æхсызгон дæ бахъуыд æмæ йæм чырæг телефонæй адзырдтай, зæгъгæ, уæд дын æнæгæды зæгъдзæн, мæнæ ныртæккæ хъæды дæн, зæгъгæ. Фæлæ зымæг йæ урс кæрц куы æрæфтауы нæ комбæстыл, уæд хъæды «клиенттæ» сæхи хъæумæ æрисынц æмæ Сæуджены хæдзары рæбинаг свæййынц. Уый та бамбарæн ис афтæ, ома, хъæд хъæумæ æрцæуы.***

***Иу зымæгон изæр та йыл йе 'рдхæрдтæ куыд æрæмбырд сты æмæ фынг куыд равæрдтой, афтæ сæм Сæуджены хо фæзынд, йæ цæгатмæ суад, мæ «мæгуыр» æфсымæры, дам, абæрæг кæнон, хъарм хæринагæй уæддæр фæхъæстæ уа, зæгъгæ. Фæлæ ахæм «нæртон куывд» куы баййæфта, уæд мæстæй цæхæртæ акалдта æмæ йæ 'рвадмæ дзуры:***

***– Ме 'фсымæр, æз дын тæригъæдæй мæлын, фæлæ, куыд кæсын, афтæмæй сæрды Сæуджен – хъæдмæ, зымæджы та хъæд – Сæудженмæ!..***

# Сæргуыбыр æмæ уонтæхъилæй...

Ныры дуджы алы хæдзары кæрты дæр дыууæ-æртæ хæдтулгæйы лæууы, иу кæмæ ис, уый та мæгуырыл нымад у, фæлæ ма ивгъуыд æнусы æвдайæм азтæ уæ цæстытыл ауайын кæнут. Машинæ – стæм, æмæ искуыдæм хъуыддаджы фæдыл цæуыс, зæгъгæ, уæд дæ æнæхъæн бон бахардз кæнын бахъуыдаид.

Джетæгъæз колхозы шофырæй куыста. Иу фæззыгон бон бригадирæн афтæ, мæ хæдзары сæр, дам, мæ æвæстиатæй аивын хъæуы, уарынтæ цалынмæ нæма ныххæцыдысты, уæдмæ, дам, мæ ауадз, æмæ искæм æмбæрзæн дур балхæнон. Кæд колхозонтæ уыцы афон сæ къухтæм æмхасæнтæ кодтой, уæддæр бригадир зыдта Джетæгъæзы хæдзары уавæр æмæ йæ æд хæдтулгæ ауагъта. Лæг къорд раны æркаст, аргъ бынтон зæрдæмæдзæугæ нæ уыд, æмæ ма, дам, æххæст Заманхъулмæ дæр ныууайон.

Заманхъулы фæзилæны зыбыты иу лæг лæууыд, Бæдæлæг, æмæ йæ куыд нæ сæвæрдтаид. Баурæдта, табуафси, абад, зæгъгæ. Уый дæр ма хуыздæр цы хъуыдис. Фæцæуынц, ныхас кæнынц. Джетæгъæз йæ цыды сæр бамбарын кодта, афтæ æмæ, дам, афтæ, мæ хæдзары сæрæн æмбæрзæн дур искæм фенон. Бæдæлæг бацин кодта:

– Искæм ма цы агурыс, цом нæхимæ, махмæ дæр ис, æмæ йæ фен.

Бахæццæ сты, хъæуы бынмæ дæр дзæвгар фæцыдысты. Æрæджиау Бæдæлæджы хæдзары дуармæ æрфистæг сты. Уазæджы мидæмæ бахуыдта, стæй йæ къæбæргæнæгмæ хъæр кæны:

– Не 'фсин, марадз-ма, асин радав.

Ус кæцæйдæр скъæты 'рдыгæй асин æрбаскъæфта. Лæг æй хæдзары фарсмæ фæбыцæу кодта æмæ æмæ Джетæгъæзмæ дзуры:

– Уæлæ дын æмбæрзæн дур, æмæ йæм æркæс.

Уазæг схызт асиныл, дурмæ æркаст. Йæ зæрдæмæ фæцыд. Зæхх куы ссардта, уæд фысымы фæрсы, цасыл æй ратдзынæ, зæгъгæ. Бæдæлæг йæхи ницы 'мбарæг скодта:

– Ома, куыд цасыл æй ратдзынæн? Ды загътай, æмбæрзæн дурмæ æркæсин, зæгъгæ, æмæ дын æз ахæм фадат раттон. Раттыны хабар нæм нæ уыд.

Афтæ Джетæгъæз сæргуыбыр æмæ уонтæ хъилæй фæстæмæ раздæхт.

Иры хæзнадонæй

# Къуыдары зæронд лæг

Табу йын уа нæ хохы Уастырджийæн! Мыртазаты ададжы куы рагуыбыр вæййы. – Цом, фæцæуон, фæзилон, – куы загъта, – рабæрæг кæнон, зæххыл цæрæг адæмтæй ма Хуыцауы ном бæрзонд чи дары, стæй ма уазæгæн дæр хæларзæрдæйæ «æгасцуай» чи зæгъы.

Йæ фыццаг фæндаг рамбæлди Дыгуры фыййæуттыл.

– Ей, уе 'зæр хорз уа, фыййæуттæ!

– Ей, хорз дæ хай уа, хорз уазæг!

– Ей, фысым мын цымæ ницы фæуиккат? Дæрдбæлццонæй æгæр бафæлмæцыдтæн мæхæдæг дæр, стæй мæ бæх дæр!

– Ау, æмæ нырма цавæр фысым æркæныны афон у? Нырма хур йæ был ныртæккæ куы сдардта. Уæртæ ма хæстæг хъæутæм дæр куы æрфысым кæнай... Уæд дын кусарт дæр хъæуы. Æмæ ам цал уазæджы цæуа, уал кусарты цын куы фæкæнæм, уæд ма нæ фосæй та нæхицæн цы баззайдзæн?

Уыцы бонæй фæстæмæ дыгурыл саухъусы ном баззад. Уырдыгæй Уастырджи йæ фæндаг ракодта Уæлладжыргомыл. Уæлладжыргом кæддæриддæр цæхх æмæ кæрдзынæй æгас Ирыстоны адæмты 'хсæн дæр разæйдзæуæгыл нымад уыдысты, æмæ Уастырджи уыдонмыл ахызт, арфæгондæй сæ ныууадзгæйæ.

Къасарайы уынгæгмæ куы бахæццæ, уæд Хохы дзуар Бурсамдзелимæ ныхъхъæр кодта:

– Ей, Бурсамдзели, дæ урс худы бын та цы ныффынæй дæ? Бафæлгæс-ма, Къасарамæ æрбахæццæ æнахуыр, æвæццæгæн, Хуыцауæй æрвыст уазæг. Уæртæ Цъæхилты Мыкалгабыр дæр йемæ æрбацæуы. Махæн дæр, æвæццæгæн, хæс у исты æгъдау равдисын!

– Ей, бæрзонд Хохы дзуар! Æз фынæй æппындæр ницы дæн. Æз æй хорз уынын. Йæ фæндаг – Зикъарайы æфцæгыл, йæ фысым та – уæртæ Къуыдары зæронд лæг.

Къуыдары зæронд лæг изæрæй йæ хæдзары раз уынджы дзоныгъхъустыл архайдта æд фæрæт, афтæмæй йæ уæлхъус æрбалæууыд æнахуыр уæзданарæзт бæрæг.

– Ей, де 'зæр хорз уа, зæронд лæг!

– Ей, хорз дæ хай уа, хорз уазæг!

– Ей, фысым нын ницы фæуиккат? Дæрдбæлццонæй æгæр бафæлладтæн мæхæдæг дæр, стæй мæ бæх дæр!

– Ау, æмæ уый та куыд? Уазæг Хуыцауы уазæг куы у!

Æмæ лæппутыл фæхъæр кодта, ома, тагъд ын йæ бæх айсут.

Уым уынджы «æгасцуайтæ» кодтой, стæй зæронд лæг дзоныгъхъусты æхснифтæ йæ дæларм æрбахаста æмæ, йæ фæрæт – йæ къухы, афтæмæй уазæджы разæй фæрасти, дæ хорзæхæй, уæлæмæ рахиз, зæгъгæ. Уæлхæдзар æхснифтæ æмæ фæрæт чызджытæм авæрдта æмæ сыл фæхъæр кодта, ома, бандæттæ уал нын æддæмæ радавут.

Уым рабадтысты, æмæ зæронд лæг фæрсынтæ байдыдта уазæджы, чи дæ, зæгъгæ, кæцæй, кæдæм цæуыс, цы хъуыддагæн æмæ æндæртæ.

Уазæг дæр ын лыстæгæй дзурынтæ райдыдта, суанг Терчы æмæ Турчы Тмутаракъаны а фæстаг рæстæджыты цыдæриддæр диссагæй æмæ нæуæг хабарæй æрцыд, уыдон се 'ппæт дæр.

Зæронд лæг дисы бафтыд, æмæ йæ зæрдæ гуырысхойы бахауд, ома, ай кусарты аккаг уазæг у, æмæ цы бакæнон: «Мæ тохъхъыл раргæвдон, уæд мæ сæгъ иунæгæй фæдзæгъæл уыдзæн, мæ сæгъ раргæвдон, уæд мæ тохъхъыл дæр фæдзæгъæл уыдзæн». Уæддæр нæртон хъæлæс фæхистæр ис, æмæ лæппутыл фæхъæр кодта, ома тохъхъыл раргæвдут. Уым йæ сыхæгты хистæртæм дæр фæдзурын кодта, мæнæ æнахуыр уазæджы цур сымах дæр абадут, зæгъгæ.



Йæ хорз æфсинмæ ма йæхимæ дæр æвæрд арахъхъ разынди, фæлæ, сыхæгтæ куы 'рбамбырд сты, уæд ма йæ иу сыхаг, хорз таучел усæй ис дурыны дзаг арахъхъ æфстау æрбадавта.

Афтæмæй æхсæвæрыл рабадтысты: æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ ма Гуырдзыстоны, суанг Тæтæры зæххытыл дæр цыдæриддæр дзуары хай уыд, уыдонæй иуы дæр æнæ æрымысгæ нæ фесты.

Фæстагмæ зæронд лæг, йæ арахъхъы сыкъа – йæ къухы, афтæмæй Уастырджийы зарæг ныццæлхъ кодта. Фынгыл бадджытæ йын суанг уазæджы онг зæрдиагæй бахъырныдтой. Стæй сыхæгтæ, фысым æмæ уазæгæн хæрзæхсæв зæгъгæйæ, цæуыныл фесты. Уырдыгыстджытæ дæр фæскъона хицæн фынгыл сæхи хорз ауыдтой æмæ федде сты.

Зæронд лæг чызджытыл фæхъæр кодта, ома, уазæджы æрынцайын кæнут. Чызджытæ йын артдзæсты хъæмпын лыстæн акодтой, бинаг нымæт ыл айтыдтой, йæ саргъ ын йæ нывæрзæн базæн авæрдтой, йæ къæхтæ йын æрыхсадтой, æмæ уыдон дæр дуарæй федде сты, ома, уазæг йæхи æруадза.

Зæронд лæг дæр фæсдуар хъæдын сынтæджы лыстæныл йæхи æруагъта.

Райсомæй куыддæр бон рæдзæ-мæдзæ байдыдта, афтæ зæронд лæг йæ фынæйæ фехъал фосы хъæрмæ. Фестади, йæ кæрц æрбакодта æмæ уæлхæдзармæ рауади. Кæсы, æмæ алырдыгæй уынгтæ бирæ-бирæ урс фосы дзугтæй байдзаг сты, æмæ йын йæ кæрты дуæрттæ мидæмæ сæттынц. Зæронд лæг дисы бафтыд, ома, адон, æвæццæгæн, Мтиуалыты фос фæдзæгъæл сты, æмæ сæм афоныл иу лæппуйы бæрæггæнæг фервитын хъæуы. Уæд йæ уазæг йæ цуры февзæрд æмæ йæм æрбадзырдта: «Дис ма кæн, зæронд лæг! Ды ма Хуыцауы ном бæрзонд кæй хæссыс æмæ ма уазæгæн дæр парахатæй «æгасцуай» кæй зæгъыс, уый тыххæй дын адон бæрзæндты бадæг Хуыцау лæварæн саккаг кодта. Æз дæн Уастырджи!»

Æмæ йæ цурæй фестъæлфыд.

Зæронд лæг дæр Хуыцауæн ныййарфæтæ кодта æмæ фосæй æрмæст сыхæгтæ нæ, фæлæ ма, суанг йæ алыварс зылды дæрддаг хъæуты дæр чидæриддæр мæгуыр къухыл нымад уыд, уыдонæн дæр хæйттæ бакодта. Афтæмæй ма зæронд лæг цы ацарди, уый – Хуыцауæн кувгæйæ, æмæ адæмы уарзонæй йæ бонтæ рухс зæрдæйæ фервыста.

**Ручъы ПЛИТЫ Дзанаспи æмæ САБАЙТЫ-ДЗАДТИАТЫ Тедойы рауынаффæгонд. Ныммыхуыр æй кодта ПЛИТЫ Йогæ. Лыстæг æм æркаст ДЗАДТИАТЫ Пъауле. ЦИГСИИ-йы архив**

Æмбисæндтæ

## Ныфсджын Хикида

Иу фехтовальщик паддзахы галуанмæ служббæмæ ацыд. Фæлладæй, стонгæй, æрдæгсалдæй сахары къулыл банцой кодта. Уайсахат æй бахъуыд цалдæр тохы архайын. Афтæмæй фыццаг тохы, гыццыл ма бахъæуа, æмæ ма фæмард уа. Сахары кулдуарæй йæ раппæрстой, æмæ Хикида (Бунгоро Хикида (1437-1487), йæ рæстæджы япойнаг арæхстджындæр фехтовальщиктæй иу), уым медитацийы позæйы сбадт.

Æртын сахаты дæргъы фидары рудзгуытæй кастысты лæппуйы æнæзмæлгæ гуырмæ, стæй йæм стражникты къорд арвыстой, цæмæй йæ галуаны разæй атæрой. Хикида сæ цалдæр секундмæ ныппырх кодта, маргæ сæ нæ акодта – йæ карды кады аккаг нæ уыдысты. Дарддæр та медитаци кодта, сæ тæппуддзинадыл мидбылты худгæйæ.

Гыццыл фæстæдæр ныфсджын лæппу авдимæ стох кодта æмæ се 'ппæтыл дæр æнцонæй фæтых. Фидары дуæрттæ байгом сты, æмæ Хикидайы служббæмæ райстой.



## Царды нысан цы у?

Иухатт ахуыргæнинаг бафарста Ахуыргæнæджы: «Царды нысан цы у?»

– Кæй царды? – бадис кодта Ахуыргæнæг.

Ахуыргæнинаг, иу гыццыл асагъæс кæнгæйæ, дзуапп ратта:

– Æмткæй райсгæйæ. Адæймаджы царды нысан.

Ахуыргæнæг арф ныуулæфыд, стæй йæ ахуыргæнинæгтæн загъта:

– Бафæлварут дзуапп раттын...

Иу ахуыргæнинаг загъта:

– Чи зоны, уарзондзинад?

– Хорз, – загъта Ахуыргæнæг, – фæлæ æрмæст уарзондзинад фаг у, цæмæй дæ царды кæрон зæгъай: «Дзæгъæлы нæ фæцардтæн»?

Уæд иннæ ахуыргæнинаг загъта:

– Мæнмæ гæсгæ, царды нысан у дæ фæстæ ирд фæд ныууадзын. Мæнæ дæуау, Ахуыргæнæг!

– Уауу, – мибылты бахудт Ахуыргæнæг, – хорз дæ куы нæ зонин, уæд загътаин, зæрдæлхæнæн, козбау мын кæныс... Ды афтæ зæгъынмæ хъавыс, æмæ фылдæр адæмы цард дзæгъæлы у?

Æртыккаг ахуыргæнинаг æнæныфсхастæй загъта:

– Чи зоны, уыцы нысан агурын нæ хъæуы?

– Гъа-ма, гъа-ма, – бацымыдис Ахуыргæнæг – афтæ цæмæ хъуыды кæныс, уый нын бамбарын кæн!

– Мæнмæ гæсгæ, – загъта ахуыргæнинаг, – уыцы фарстæн раст æмæ æлхынцъон, скъуыддзаггæнæн дзуапп уæддæр не ссардзыстæм, уымæн æмæ æдзух дызæрдыг кæндзынæ, стæй разындзæн, уыцы дзуаппимæ чи не сразы уа, иу ахæм. Афтæмæй цард фæуыдзæн, уыцы нысан агургæйæ...

– Ома, – мидбылты бахудт Ахуыргæнæг, – царды нысан у?...

– Цæрын? – загъта ахуыргæнинаг.

– Мæнмæ гæсгæ, уый у дзуапп! – æмæ Ахуыргæнæг къухæй ацамыдта, урок кæронмæ кæй æрхæццæ.

## Адæймаг цæмæ тырны?



Дыууæ философæн ныхас бацайдагъ адæймаджы удыскондыл. Сæ иу загъта:

— Адæймаджы уд хъуамæ размæ тырна, хохы бæрзæндтæм.

— Æвæццæгæн, иу ахсджиаг фактор нæ хынцыс, – загъта иннæ. — Алы адæймаг уæрæх лæгъз фæндагыл нæ фæцæуы. Иуæй-иутæ фæцæуынц фæндаггæрæттæ æмæ къуыппытæ-дзыхъхъытæ фæндагыл.

— Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы æвзæр фæндагыл хорзæй ницы ис. Фæлæ зондджын адæймаг ссардзæн гæнæнтæ уыцы къуыппытæ æмæ дзыхъхъытыл фæиуварс кæнынæн, – дзуапп ын ратта фыццаг æмныхасгæнæг.

— Мæ хæлар, мемæ разы нæ дæ, адæймагæн сæйраг-дæр у, цы бынаты лæууы, уырдыгæй æнтыстджынæй размæ цæуын? – фæрсы дыккаг философ.

— О, æнæмæнг афтæ: алчидæр хъуамæ йæхиуыл куса æмæ, цы бынаты ис, уым хъуамæ а зæххыл йæ нысан сæххæст кæна.

**Фарс бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ**

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Уæрæсейы чемпионаты архайдзысты

**Цæцæны республикæйы сæйраг горæт Грознайы июны фæстаг æртæ боны уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды чемпионаты ерыстæ. Регионалон ерысты сбæрæг сты Уæрæсейы чемпионатмæ балцæгтæ чи райсдзæн, уыцы богæлттæ.**



РЦИ-Аланийы иугонд командæйы хистæр тренер **Санаты Георги** куыд зæгъы, афтæмæй, Грознайы цы чемпионат цыди, уым нæ республикæйæ хæцыдысты, Уæрæсейы чемпионатмæ балцæгтæ кæмæ нæма уыди, уыцы богæлттæ къордæй. Балцæгтæ амæй размæ чи бакуыста, уыцы богæлттæ ацы бонты сæхи цæттæ кæнынц, 29 июлы Мæскуыйы чи цæудзæн, уыцы Уæрæсейы чемпионатмæ. Грознайы чи уыд, уыцы чемпионаты ирыстойнаг богæлттæн бантыст фондз хæрзиуæджы рамбулын. Уыдон, æмæ ма 5-æм бынæттæ рамбулджытæн дæр бар уыдзæн нæ бæстæйы чемпионаты архайынæн.

Нæ богæлттæй Грознайы сыгъзæрин майданæй хорзæхджын сси **Хуыгаты Алан**. Нæ фæлтæрдджын богал уæззау уæзы (125 кг онг) рамбылдта фондз ныхмæлæуууæгæй æмæ бацахста 1-аг бынат. Зæгъын хъæуы уый, æмæ, Аланæн йæ ныхмæлæуджытæ йæхицæй зынгæ кæстæр кæд уыдысты, уæддæр равдыста хорз физикон цæттæдзинад, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы, Мæскуыйы чи цæудзæн, уыцы чемпионаты дæр афтæ æнтыстджынæй рахæцын!

Нæ богæлттæй ма 1-аг бынат рамбулынмæ хæстæг уыди Чертхъоты Руслан. 86 кг онг уæзы хæцгæйæ, Руслан рамбылдта цыппар ныхмæлæуууæгæй, фæлæ йын уый нал бантыст кæронбæттæны фембæлды, æмæ рацыд 2-аг бынатмæ.

Цæгатирыстойнæгтæ ма уыдонæй уæлдай, рамбылдтой æртæ бронзæ майданы. Сæ уæзты 3-аг бынæттæ бацахстой: 70 кг – **Быгъуылты Зауырбег**, 86 кг – **Мæргъиты Эрик**, 97 кг – **Бекъойты Артур**.

Нæ ацы фондз богалæй уæлдай ма нæ бæстæйы чемпионаты архайыны бар уыдзæн, 5-æм бынæттæм чи рацыди, нæ уыцы æхсæз богалæн.

Æдæппæтæй Ирыстоны богæлттæ Уæрæсейы чемпионаты хæцдзысты 35-æй, æмæ сын нæ зæрдæ зæгъы сæ архайд бæллиццаг хорз куыд рауайа, дунеон чемпионатмæ амæй размæйæ зынгæ фылдæрæй куыд ацæуой, сæ ацыд та уæлахизхæссæг куыд рауайа!

Тхэквондо

# Ирыстойнæгтæм – дыууæ хæрзиуæджы

**Республикæ Татарстаны горæт Набережные Челныйы тхэквондойæ цыдысты Уæрæсейы Кубок рамбулыныл ерыстæ. Арæзт æрцыдысты паддзахадон программæ «Уæрæсейы спорт»-ы фæлгæты. Сæ нысан у кæстæр фæлтæры физикон культурæ æмæ спортмæ тырнынмæ разæнгард кæнын.**

Татарстаны ерысты Уæрæсейы 36 регионæй цы 350 спортсмены архайдтой, уыдоны 'хсæн уыдысты Ирыстоны тхэквондисттæ дæр, æмæ сын бантыст дыууæ хæрзиуæджы рамбулын.

Нæлгоймæгты ерысты тынг сæрæн хæцт ракодта **Хуыбаты Батрадз**. Уый фæуæлахиз йæ æхсæз ныхмæлæуууæгыл æмæ бацахста 1-аг бынат.

Раппæлинаг у **Узегаты Афинæ** дæр. Уый фæуæлахиз æртæ ныхмæлæуæгыл, фæлæ æрдæгкæронбæттæны чысыл фæкъуыхцы, æмæ ма йын бантыст 3-аг бынатмæ рацæуын. Ахæм стыр ерысты æртыккаг суæвын дæр у хорз æнтыстыл нымад. Уый тыххæй нæ республикæйы Тхэквондойы олимпиаг фæстауæрцгæнæн спортивон скъолайы директор **Плиты Хетæг** загъта: «Нæ спортсменты архайдæй стæм тынг разы. Ахæм ерысты призон бынат рамбулын у хорз æнтыстыл нымад. Батрадз æмæ Афинæ сыгъзæрин æмæ бронзæ майдантæ кæй рамбылдтой, уый дзурæг у, нæ тхэквондойы скъола Уæрæсейы хуыздæр скъолаты æмрæнхъ кæй ис раздæрау, ууыл. Уый махæн ныфс дæтты, дарддæр дæр зæрдиагæй цæмæй кусæм, æмæ ног æнтыстытæм тырнæм, уымæн.

Стыр бузныг зæгъæм нæ спортсменты бацæттæгæнæг тренертæн. Уыдон сты **Кадаты Аслан, Акъоты Алан, Артем Богословский** æмæ нæ командæйы хистæр тренер **Нигколты Астан**!»

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ**: 5. Темыраты Дауыты пьесæ «Мухтар»-ы архайæг. 6. Адæмон сфæлдыстады хуыз. 11. Исбон, фæллой. 12. Бæзджын кæрдæг кæм нæ зайы, ахæм зæхх. 13. Дидинæг. 14. Сыфтæрджын бæлас. 18. ...чысылæй нæ уистæй нæмынц. (Къоста). 19. Знæт, фыдзонд. 20. Кæсагахсæн дзаума. 21. Æнæлæг ус. 22. Хуымы кæрон. 23. А.С. Пушкины дыджызæ. 28. Сыджыты хуыз. 29. Цары æвæрд ставд хъæд. 30. Ирон грамматикæйы ныхасы хай. 31. Хуыбецты Райæйы æмæ Хуыгаты Георы комеди «Софиайы зарæг»-ы архайæг. 33. Гæдиаты Секъайы радзырд «Садуллæ æмæ Манидзæ»-йы архайæг. 34. Паддзахад Европæйы. 36. Æнæдзургæйæ, æнцадæй. 37. Саулохты Мухтары комеди «Усгур»-ы архайæг. 38. Æвзонг карк.

**БЫНЫРДÆМ**: 1. Хæрынæн бæзгæ зайæгой. 2. Хуымгæнæн дзаума. 3. Цопанаты Хаджумары пьесæ «Абырæг»-ы архайæг. 4. Цæхх лыстæггæнæн дзаума. 7. Хъæу Хуссар Ирыстоны. 8. Низыхатт. 9. Фæсарæйнаг цалдæр бæстæйы æхца. 10. Цæугæдон Уæрæсейы. 15. Хæрынæн бæзгæ кæрдæджы мыггаг. 16. Джыккайты Шамилы æмдзæвгæ. 17. Хъайттаты Сергейы трагеди «Цæй æрæгмæ цыдтæ, мæ хъæбул?»-ы архайæг. 24. Шахтерты поселок Ирыстоны. 25. Бæхифтындзæн дзаума. 26. Дзыхъгонд, агæвæрæн. 27. Ирон хæринаг. 32. Паддзахад Азийы. 33. Улупа. 35. «Мæ... цæттæ у æххуырсты мыздæй». 36. Æнтæф.

## Дзуаппытæ 27 июны мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ**: 1. Ока. 4. Аст. 9. Чыр. 12. «Уæлмæрдты». 13. Мæлдзыг. 15. Æда. 18. Фæрæт. 19. Къæдор. 20. Гæды. 21. Сикъо. 26. Рацъ. 27. Уæрцц. 28. Къуырычъи. 29. Стур. 33. Цогойтæ. 34. Гагарин. 35. Дзагдар. 39. Гæрзæхсæн. 40. Турне. 41. Аргон. 42. Тута. 45. Лимузин. 47. Мих. 48. Волопас. 54. Игæр. 55. Къоти. 56. Самур. 57. Багратион. 62. Фырнымд. 63. Æмбалад. 64. Барабан. 69. Æлгъ. 70. Æнхъæлцау. 71. Синаг. 72. Стай. 76. Сагой. 77. Минæ. 78. Африкæ. 79. Галон. 81. Гæн. 84. Сардзан. 85. Æдылыдзæф. 86. Дыс. 87. Ала. 88. Æна.

**БЫНЫРДÆМ**: 2. Камæ. 3. Нымд. 5. Сæдæ. 6. Гæбæт. 7. Æргъæцъ. 8. Студи. 10. Кæрдзын. 11. Фыдис. 14. Бæлццон. 15. Æрчъиаг. 16. Агуыридур. 17. Цъуттабос. 22. Арт. 23. Бæстызмур. 24. Хъызт. 25. Ари. 30. Морæ. 31. Барæг. 32. Игарка. 36. Æхсидав. 37. Андорра. 38. Суг. 39. Гал. 43. Хиу. 44. Контрабас. 46. Ифтонг. 49. Син. 50. Сæн. 51. Хъуывгъан. 52. Хуымæллæг. 53. Халат. 58. Обау. 59. Амонд. 60. Сарафан. 61. Нартхор. 65. Цæу. 66. Хъайван. 67. Циркуль. 68. Айк. 73. Болат. 74. Ириди. 75. Кадæг. 80. Идыл. 82. Æмыс. 83. Аден.

Культурæ

# Æрвылазон равдыст

**Республикæйы Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты залы фæндзæм хатт байгом æрвылазон равдыст-армукъа «Арт Владикавказ». Ирыстоны культурон царды сиу сты традицитæ æмæ нырыккон цард, дæсны сфæлдыстадон кусджыты фæлтæрддзинад æмæ æрыгон авторты уæндон фæлварæнтæ.**

**Экспозицийы сты нывгæнджыты куыстытæ, скульптурæтæ, ис дзы фенæн декоративон æрмдæсныты аивадон уацмыстæ, æлыгæй конд мигæнæнтæ æмæ авторон фæлындæнтæ. Цардæгас аивадæн аргъ чи кæны, уыдонæн ацы проект уал азмæ сси, йæхимæ чи æлвасы, ахæм бынат. Фæрсæрдыгæй сæм æцæгæлоны цæстæй нæ кæсы æрбацæуæг, ис ын гæнæн сæ автортимæ лæгæйæ-лæгмæ фембæлын æмæ комкоммæ аныхас кæнын, базонын, йæ уацмысæй цы хъавыд зæгъын, уый. Хи цæстæй фенын, уацмысы фæлгонц куыд райгуыры, банкъарын æй, гæнæн ис, æмæ йæ авторæн йæхицæй балхæнын. Уымæй хицæн кæны иннæтæй равдыст «Арт Владикавказ» , стæй ма – сфæлдыстадон цыдмæ хæстæгдзинадæй, республикæйы культурон царды та алы хатт свæййы хæдхуыз цау .**

**Равдыст байгом æртыккæгæм августы æмæ ахæсдзæн мæйы 25 бонмæ, бацæуæн æм ис лæвар 10 сахатæй – 18 сахатмæ.**




# Студентты куыстытæ



Къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА

**Дзæуджыхъæуы историйы музейы Архитектурæ æмæ дизайны академи сарæзта Хæххон-металлургон институты студентты куыстыты равдыст. Ахуыры рæстæг 2-æм курсы студенттæ – фидæны архитектортæ æмæ графикон дизайнертæ ныв кодтой дунейыл хъуыстгонд нывгæнджыты куыстытæ. Къопитæ кæнгæйæ, уыдон ахуыр кодтой нывкæнынады сусæгдзинæдтæ æргом кæныныл.**

Равдыст гом кæныны мадзалы архайдта Ирыстоны сæйраг архитектор **Æлбегаты Руслан**. Алыхуызон мастерты стильтæ ахуыр кæнгæйæ студенттæ базыдтой, æппæт дунейы дæр зындгонд нывгæнджытæ Амадео Мадильяни, Альфонс Муха, Поль Гоген, Пабло Пикассо, Аристарх Лентулов, стæй япойнаг гравюрæтæ æмæ индиаг миниатюрæты хицæндзинæдтæ иртасын. Сæ алкæй сфæлдыстады дæр ис, иу нывгæнæджы иннætæй чи хицæн кæны, ахæм фæзилæнтæ. Уыдон рахатын, хи уддзæф сæм бахæссын сæ куыстыты къопитæ кæнгæйæ – уыцы хæсыл зæрдиагæй бакуыстой студенттæ.



Сæ куыстытæ зæрдæмæдзæугæ рауадысты, уый бафиппайдтой равдысты архайджытæ.

Диссаг та уый у, четæн æмæ сæ зети ахорæнтæй кæй нæ кодтой, фæлæ ахуыры райдиан проекттæ ныв кæнгæйæ, цы аивадон æрмæджытæй фæпайда кæнынц, уыдонæй – гуашь æмæ гæххæттæй. Уый сын сæ куыст фæзындæр кодта, фæлæ кæронбæттæны сæ конд ныв – къопитæй зын уыд цæстæнгас атонæн, афтæ хорз рауадысты. Уый, зæгъгæ, нæ уыд, уæд дзы ахæм равдыст дæр нæ рауадаид.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**



## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Услуги электрика**
**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.**
**Все виды работ с гарантией.**
**Выезд и консультация бесплатно.**
**Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор **ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæуууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2279. Заказ № 706. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru